

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab diébréhkeun kacindekan tina hasil panalungtikan. Dumasar kana éta kacindekan, dipedar ogé sababaraha rékoméndasi atawa saran anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis téks drama ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture* di kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture* dina lengkepna aspék formal, aya dina kritéria hadé, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 10 jeung 25, kalawan rata-ratana nyaéta 19,8. Dina lengkepna unsur intrinsik atawa struktur, masih kénéh dina kritéria cukup, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 10 jeung 20, kalawan rata-ratana nyaéta 13,4. Dina aspék keterpaduan unsur atawa struktur, masih aya kénéh dina kritéria hadé, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 10 jeung 25, kalawan rata-rata nyaéta 17,7. Kitu deui, dina kabasaan, masih aya kénéh dina kritéria cukup, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 10 jeung 15, kalawan rata-rata nyaéta 14,5. Rata-rata peunteun siswa nyaéta 65,3, kapaluruh yén 10 urang (36%) siswa meunang peunteun ≥ 75 kalawan katégori mampuh jeung 18 urang atawa (64%) siswa anu meunang peunteun < 75 .
- 2) Kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture* dina lengkepna aspék formal, aya dina kritéria hadé pisan, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 15 jeung 25, kalawan rata-ratana

nyaéta 23. Dina lengkepna unsur intrinsik atawa struktur, aya dina kritéria hadé, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 10 jeung 25, kalawan rata-ratana nyaéta nyaéta 18,6. Dina aspék keterpaduan unsur atawa struktur, aya dina kritéria hadé pisan, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 20 jeung 25, kalawan rata-ratana nyaéta 17,7. Kitu deui, dina kabasaan, masih aya dina kritéria cukup, skor pangleutikna jeung panggedéna nyaéta 10 jeung 20, kalawan rata-ratana nyaéta 15,5. Rata-rata peunteun rasiswa nyaéta 79,8. Kapaluruh 23 urang (82%) siswa meunang peunteun ≥ 75 kalawan katégori mampu jeung 5 urang (18%) siswa anu meunang peunteun < 75 kalawan katégori mampu.

- 3) Aya béda anu signifikan kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *Picture and Picture*, éta hal katitén tina uji hipotésis anu nuduhkeun yén $t_{hitung} > t_{tabel}$, nya éta $(9,04) > (2,47)$. Bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina modél pangajaran *Picture and Picture* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks drama siswa kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014. Hasil béda anu signifikan ogé bisa katitén tina rata-rata peunteun siswa anu asalna 65,3 ngaronjat jadi 79,8.

5.2 Rékoméndasi

Saenggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan nulis téks drama ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture* di kelas XII IPA 3 SMA Negeri 17 Bandung taun ajaran 2013/2014, aya sababaraha rékoméndasi ti panulis, nyaéta ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Picture and Picture* anu kabukti éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks drama, bisa dijadikeun salasihiji alternatif pikeun guru dina pangajaran séjénna;
- 2) Nilik kana hasil panalungtikan, panulis manggihan yén nalika ngalarapkeun ieu modél pangajaran téh lamun siswana henteu dibimbing sacara individual mah modél anu digunakeun dina pangajaran nulis téks drama téh

moal éféktif. Ku sabab kitu, sanajan guru geus méré fasilitas siswa diajar ngagunakeun modél pangajaran anu meredih siswa sangkan leuwih aktif gé angger wé siswa kudu dibimbing sangkan kaayaan kelas henteu ribut jeung sakabéh siswa bisa aktif; jeung

- 3) Ieu panalungtikan ngagunakeun metode kuasi ékspérimén, ku kituna, lakukeun ékspérimén murni sangkan sangkan hasil tina éta panalungtikan bisa digeneralisasikeun kana populasi anu leuwih lega.

